**Pou Piblikasyon Imedya:** 11/9/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

# GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO GWOUP TRAVAY ENDISTRI A POU MODÈNIZE LWA SOU ALKÓL NAN NEW YORK

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse kreyasyon yon gwoup travay lidè endistri yo pou rekòmande revizyon pou Lwa sou Kontwòl Bwason Alkolik Eta New York. Gwoup la, ki se rezilta dirèk 3yèm Somè Diven, Byè, Bwason ak Sidr, ap revize pwovizyon estati ki egziste deja ak eksplore apwòch pou klarifye epi modènize ansyen lwa ki date de 80 ane.

"Administrasyon sa te travay san relach pou koupe sou fòmalite administratif epi diminye obstak biwokrasi nan fason pou ede eta sa boujonnen diven atizanal, byè, bwason ak pou pwodiktè sidr yo pwospere epi kreye travay," **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Gwoup travay sa ap ede kontinye efò sa yo, bay alafwa pèspektiv ak eksperyans pratik sou kijan pou pote lwa nou yo nan epòk modèn lan ak plis ede nan kwasans gwo endistri New York sa."

Gwoup travay la ap òganize reyinyon ouvèti l nan dat 12 novanm 2015 nan 1:00 pm nan biwo State Liquor Authority Harlem ki lokalize nan 317 Lenox Avenue. Dirije pa Prezidan State Liquor Authority Vincent Bradley, revizyon an ap devlope sou pwogrè regilasyon ak lejislativ ki te reyalize sou dènye senkan ki sot pase yo, santre sou re-òganize oswa ranplase lwa sou kontwòl bwason alkòl, enkli, men ki pa limite a:

- Retire dispozisyon demode ak redondan;
- modènize lang legal pou plis klate;
- amelyore ak konsolide diferan dispozisyon pou lisans;
- klarifye kalite lisans yo ki disponib;
- redwi dokiman ki obligatwa; ak
- elimine restriksyon ki pa nesesè ke yo enpoze sou fabrikan yo.

Manm nan gwoup travay endistri a gen ladan:

Gwoup travay la ap gen ladan tou reprezantan ki soti nan Depatman Agrikilti ak Mache Eta, Kòporasyon Empire State Development, ansanm avèk Depatman Taks ak Finans. Anplis yo ankouraje manm adisyonèl nan endistri a ansanm avèk lòt pati ki enterese yo pou patisipe nan reyinyon 12 novanm lan.

“Pandanke resan biznis yo favorab a chanjman lejislativ la te fè nan règleman yo, òganizasyon lwa aktyèl la rann li difisil pou regilatè yo, difisil pou avoka, e preske enposib pou majorite konpayi ki gen lisans yo konprann li fasilman**,” te deklare Prezidan SLA Vincent Bradley**. “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te mete ansanm kèk nan pi bon lespri nan endistri a pou egzamine difikilte sa yo epi devlope solisyon pou mete ajou ak modènize lwa a.”

Depi Gouvènè Cuomo te antre nan administrasyon an nan 2011, toulède kantite biznis manifakti ki baze sou fèm, diven, byè, bwason ak sidr ap itilize engredyen ki grandi nan New York e kantite toal fabrikan kap pwodui bwason alkolik te plis pase double depi 2011, stimile pa aksyon eta ki sipòte endistri bwason alkòl la.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418